

ASCENSION ST VINCENTS / OPTIMAL IMAGING ENSTRIKSYON SWEN APRÈ PWOSÉDI NAN TÈT

Kiyès ki te fè pwosedi ou a:

- Si yo te fè yon mamogram apre pwosedi ou a, yo te fè l pou verifye pozisyon klip biyopsi a oswa aparèy lokalizasyon an.

Enstriksyon Swen Aprè:

- Yo pral mete yon pansman sou kote pwosedi a fèt la. Yo ka mete lakòl po tou sou kote a. Ou ka retire pansman an 24 èdtan apre pwosedi ou a; sepandan, kite lakòl la tonbe pou kont li (pa rache l). Ou ka pran douch epi kite dlo koule sou kote a 24 èdtan apre pwosedi ou a; sepandan, pa plonje kote a nan dlo (beny, pisin, jakouzi oswa lanmè) jiskaske li geri. Pa mete krèm/pomad sou kote a jiskaske li geri, sòf si yo di ou fè sa.
- Si yo te ba ou yon pake glas, mete l sou kote pwosedi a fèt la detanzantan pandan 20-30 minit apre pwosedi a.
- Evite aktivite fizik ki lou pandan omwen 24 èdtan apre pwosedi ou a, epi ogmante nivo aktivite ou jan ou santi ou kapab.
- Mete yon soutyen ki sere kò ou pandan omwen 48 èdtan apre pwosedi a pou ede diminye mouvman nan tete a, doulè ak ematom.
- Li nòmal pou ou santi yon ti malèz/doulè ak ematom apre pwosedi ou a. Ou ka pran acetaminophen (Tylenol) pandan premye 6-8 èdtan apre pwosedi ou a. Apre 6-8 èdtan, ou ka chanje pou aspirin, ibuprofen (Motrin) oswa naproxen (Aleve) si acetaminophen pa diminye doulè ou ase. Li an sekirite pou pran aspirin, ibuprofen oswa naproxen nan 6-8 èdtan apre pwosedi ou a, men ou ka gen plis ematom si ou fè sa.
- Rele Radyoloji oswa doktè ki te bay lòd pou pwosedi a si ou gen nenpòt enkyetid oswa ou fè eksperyans youn nan bagay sa yo apre pwosedi ou a: senyen ki pa sispann, anfle anpil, gwo doulè ki pa reponn ak medikaman ki vann san preskripsyon, siy enfeksyon posib (woujè enpòtan oswa likid ak pi soti nan kote a, gwo doulè, lafyèv oswa frison).
- Lendi rive Vandredi, 8 a.m. jiska 5 p.m. rele 308-5488 (Riverside), 296-4277 (Southside), 602-1219 (Clay), 691-1286 (St Johns) oswa Optimal Imaging (450-6960). Lendi rive Vandredi, 5 p.m. jiska 10 p.m. oswa wikenn 6 a.m. jiska 10 p.m. rele 308-8401. Si se deyò lè sa yo, rele operatè lopital la nan 308-7300 epi mande pou pale ak Radyològ Entèvansyonèl ki sou apèl.

Kijan pou mwen resevwa rezilta pwosedi a?

- Anpil men pa tout pwosedi nan tete pwodui echantiyon ki voye nan laboratwa pou analiz. Si yo te voye yon echantiyon, yon Radyològ ap kontakte ou pa telefòn pou diskite sou rezilta yo. Rezilta yo anjeneral disponib 2-3 jou apre pwosedi ou a; sepandan, pafwa rezilta yo ka pran plis pase 3 jou. Doktè ki te bay lòd pou pwosedi a ka kontakte ou ak rezilta yo anvan yon Radyològ kontakte ou. Ou pral resevwa tou enstriksyon swivi ki ka gen ladan retounen pou mamografi anyèl, swivi mamografi/ultrason nan 3-6 mwa, plis evalyasyon ak yon IRM nan tete ak/oswa evalyasyon pa yon Chirijyen Tete ak/oswa yon Onkològ Medikal/Radyasyon. Pafwa yo bezwen lòt pwosedi ankò.